

NOVEL CARANG-CARANG GARING ANGGITANE TIWIEK S.A. KAWAWAS SAKA TEORI STRUKTURALISME GENETIK

ARIS TRIYANTO

FBS UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Tiwiek S.A. mujudake pengarang sastra jawa gagrag anyar periode taun 1970an. Pengarang saka tlatah Tulungagung iki kalebu produktif, salah sawijining novel karyane Tiwiek S.A. kanthi irah-irahan Carang-Carang Garing. Novel CCG kalebu novel realisme tragis, ing sajrone novel ana unsur-unsur intrinsik kang narik kawigaten kanggo dionceki, sarta makna-makna ang kinandhut ing sajrone novel bisa dadi wejangan ing jrone urip, novel CCG uga narik kawigaten yen digoleki kepriye larah-larahe. Mula saka kuwi novel CCG iki bakal dionceki nganggo teori Strukturalisme Genetik.

Panliten iki bakal nitingi novel Carang-Carang Garing adhedhasar teori strukturalisme genetik. Dene underane panliten yaiku (1) Kepriye struktur intrinsik novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek S.A.? (2) Apa makna jrone novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek S.A.? (3) Kepriye mula bukane Tiwiek S.A. bisa ngripta novel *Carang-Carang Garing*?

Sacara umum, panliten iki nduweni tujuwan kepingin nitingi novel Carang-Carang Garing adhedhasar teori strukturalisme genetik. Dene sacara khusus, panliten iki nduweni tujuwan (1) Ngandharake kepriye struktur intrinsik novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek S.A., (2) ngandharake Apa makna jrone novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek S.A. lan (3) ngandharake kepriye mula bukane Tiwiek S.A. bisa ngripta novel *Carang-Carang Garing*. Adhedhasar tujuwan kasebut, panliten iki nduweni ancas bisa aweh sumbangsih kanggo pangrembakane kasusastran jawa gagrag anyar, mligine apresiasi sastra jawa utawa kritik sastra.

Panliten iki migunakake rantaman metode diskriptif kualitatif kang kapandhu dening tintingan strukturalisme genetik. Sumber dhata ing panliten iki arupa novel CCG anggitane Tiwiek S.A. sadurunge dadi novel, CCG nate kapacak ing majalah *Jaya Baya* no 46-04 taun 1983 awujud cerbung lan didadekake novel ing taun 2009, novel iki nduweni 128 kaca lan 13 babag. Cara ngumpulake dhata yaiku nemoake unit analisis lan nyathet dhata, banjur dianalisis nganggo teori strukturalisme genetik.

Asiling panliten iki cunduk karo underaning panliten, (1) struktur intrinsik novel CCG, ing sajroning novel CCG ana tema mayor lan tema minor. Unsur intrinsik kapindo yaiku ngenani paraga lan wewatakane. Ing jroning novel CCG paraga diperang dadi papat, antarane yaiku paraga protagonis, paraga antagonis, paraga samping lan paraga tambahan. Alur sing digunakake yaiku alur campuran. Konflik sajrone novel CCG diperang dadi loro yaiku konflik eksternal lan

konflik internal. Latar utawa setting ing jrone Novel CCG sing digawe dening sastrawan yaiku telu, Tulungagung, Surabaya, lan Malang. Latar utawa setting digawe manekawarna supaya pamaos ora bosen anggone maca lan supaya ora monoton anggone nyritakake kadadeyan-kadadeyan. (2) makna kang ana ing sajrone CCG kayata, sapa sing salah bakal seleh. Ing jrone novel uga ngelingake marang wong sing milik marang bandhane liyan, merga melik kuwi mesthi nggendhong lali. Ing sajrone novel, Tiwiek S.A. uga nampilake babagan katresnan. Critane bisa dienggo sinau yen sapa sing nyebarake katresnan kudu ngati-ati, amarga yen wis kadhong cidra bisa dadi dhendham, kamangka dhendham kuwi mbebayani. (3) Larah-larahe reriptane novel Carang-Carang kawiwitan saka sambung tresna mudha mudhi. Babagan kang ana gegayutane karo judul yaiku wong cilik kang urip rekasa. Tiwiek S.A. uga nyritakake ngenani wong sugih ora nduwe anak merga ing bebrayan akeh kadadeyan wong sugeh sing ora nduwe anak. Dene larah-larah liyane yaiku ngenani mitos sing mbaureksa, ing jroning novel CCG mitos ngenani sing mbaureksa didadekake babagan kang mungkasi sakabehaning prakara. Uga sakabehe tumindak candhala mesthi bakal cilaka, tumindak candhala bakal cilaka kuwi pepuntone wong jawa.

A. Purwaka

Karya sastra mujudake asil kreasine sastrawan kang tinulis nganggo piranti basa. Kanthi karya sastra kuwi para sastrawan bisa nyuntak gagasan utawa angen-angen kang ana sambung rapete karo kadadean ing sajroning uripe. Sabanjure, kadadean-kadadean kang dilakoni lan diweruhi dironce karo imajinasine sastrawan saengga bisa ngasilake karya sastra. Teeuw (1970:181) ngandharake yen jagading sastra kuwi kadadean saka imajinasi kang kompleks kang ing jerone ana pralambang kang dadi salah sawijining unsur estetik kang kudu dimangerteni dening pamaos. Mula saka kuwi, maknane karya sastra ora mesthi ditentokake dening sastrawan, jalaran pamaos uga nduweni imajinasi gegayutan karo karya sastra sing diwaca.

Wellek lan Werren (1995: 109) ngandharake yen sastra kuwi ngandharna babagan urip lan panguripan kang lumrah ana ing bebrayan agung lan adhedhasar kahanan-kahanan sosial tartamtu. Sosiologi lan sastra mujudake babagan kang nduweni gegayutan kang raket saengga teks sastra bisa dikaji nganggo kajian sosiologi. andharan kuwi laras karo andharane Damono (1979: 7) ngandharake yen sosiologi kuwi kajian kang objektif lan ilmiah ngenani manungsa lan bebrayan, uga bisa ditelaah ngenani lembaga lan proses sosiale. Sastrawanne sawijining karya sastra bisa mujudake kahanan sosial kang ingjrone antarane yaiku gegayutan antarane manungsa kelawan manungsa, bebrayan lan budayane.

Novel yaiku carita kang awujud prosa kang dawa caritane, lan sajroning novel kasebut diceritakake panguripan sadina-dina. Sawijining novel nduweni kalodhangan kanggo njlentrehake karaktering paraga sajroning pirang-pirang wektu. Jembaring perangan wektu kasebut bisa ndadekake sastrawan novel supaya ora grusa-grusu anggone nepungake paraga lan nampilake kadadean kanthi luwih cepet. Novel menehi gambaran marang pamaos tumrap kahanan sastrawan nalika novel kuwi diripta. Najid (2002:19) ngandharake, novel uga bisa nampilake carita kanthi dawa, ngenani panguripane manungsa. Iku jalarane, prakara-prakarakang didadekake minangka tema sawijining novel malah luwih njlimet lan kompleks.

Nurgiyanto (1998:22) ngandharake yen novel kuwi minangka totalitas, novel nduweni perangan-perangan kang ana gegayutane antarane perangan sing siji lan perangan sijine lan padha-padha mbutuhake. Totalitas kuwi arupa tembung, basa lan unsur pambangun

Nurgiyantoro (1998:23-24) nduweni pamawas yen ing sajrone karya sastra ana unsur-unsur intrinsik lan ekstrinsik. Unsur-unsur intrinsik mau kang dadi titikane panliten karya sastra yaiku kadadean, carita, paraga, plot, tema, latar, sudut pandang panyritane, basa,

lageyaning basa, lsp. Dene unsur ekstrinsik kuwi ngugemi pirang-pirang babagan ing jrone, kayata filsafat, sosiologi, moral, psikologi, lan sapinunggalane. Babagan-babagan kuwi ora bisa ilang jroning ngonceki karya sastra.

Hutomo (1975:70) ngandharake yen novel kuwi mujudake corak anyar ing sajrone genre sastra Jawa. Jinising sastra iki minangka salah sawijining wujud sastra kang oleh daya pangaribawa langsung saka kulon, mligine sastra walanda. Kaya kang wus kawuningan, kasusastran Jawa wiwit ngrembaka ana ing nuswantara wiwit abad 20-an. Wektu iku daya pangaribawane sastra kulonan tumrap kasusastran Jawa ndadekake sastra Jawa wiwit wektu iku katelah sastra Jawa modern

Kasusastran Jawa modern minangka sawijining babagan kasusastran Jawa sairing karo tuwuhe jinis-jinis ing sastra Jawa kang arupa novel, cerkak, cerbung, lan geguritan, lan jinis-jinis karya sastra mau prasasat meh kabeh niru kasusastran Barat. Quinn (1995:44) ngandharake yen novel Jawa kuwi ngrembaka ing kahanan tartamtu, lan mung salin wujud saka kasusastran Barat nanging nyatane bisa ditampa caritane dening wong Jawa.

Salah sawijining novel kang narik kawigaten kanggo dionceki yaiku novel *Carang-Carang Garing* reriptane Tiwiek S.A. Tiwiek S.A. mujudake sastrawan sastra Jawa dekade th 1970-an kang wis akeh ngasilake karya sastra. dheweke wiwit nulis ing taun 70-an bebarengan karo sastrawan-sastrawan gedhe liyane kayata Suharmono K, Suryadi W.S. Suryanto Sastraatmadja, Sri Suyono, RM Yunai, Aryono KD, Yes Ismie Suryaatmaja.

Sing narik kawigaten saka novel CCG yaiku carane Tiwiek S.A. njlentrehake uripe kaluwargane Suyatman kang sarwa kacingkrangan. Ing jrone novel dicaritake kanthi jangkep kepriye kahanane wong kang ora nduwe, pamikiran-pamikiran cupet yen wong lagi kepepet prakara. Mula saka kuwi novel CCG narik kawigaten kanggo dianakake panliten, kaya kang diandharake Ratna (2004;172) Strukturalisme Genetik bisa ditrepake kanggo reriptan kang jangkep. Mligine kanggo reriptan kang nduweni kadadean-kadadan jrone urip lan ing bebrayan, saengga bisa nuwuhake sawijining jagad kang diarani jagading pamikirane sastrawan lan sabanjure dadi jagad kanggo sastra kang diripta.

Novel CCG uga nyuguhake babagan katresnan marang pamaos. Kayata carita katresnan antarane paraga Darmini lan Bambang kang wusanane ndadekake wanita kuwingandhut nganggur. Kadadean kaya ngene yen ana ing bebrayan Jawa wis diarani ora lumrah, ateges kuwi nandhakake yen dheweke kuwi wanita kang ora bener, wanita

gampang. Bambang kang ora gelem tanggung Jawab lan mung isa janji-janji thok marang Darmi nanging janji kuwi ora ana terusane. Konflik-konflik lan aluring carita CCG ora mulek luwih asipat sderhana lan kompleks, saka kuwi bisa dimangerteni yen novel CCG ringkes nanging nges yen dirasakna saengga struktur-struktur ing jrone bisa dianalisis kanthi gamblang.

Sktrukturalisme Genetik yaiku sawijining tintingan sastra kang diwiwiti saka unsur intrinsik minangka dhata utamane, banjur nggayutake unsur mau kalawan kasunyatan ing bebrayan, lelandhesan strukturalisme miturut Goldmann (jroning Teeuw, 1988:i53) lelandhesane Strukturalisme Genetik miturut Goldman, yaiku pamawase jagading sastrawan sajroning ngripta asil karya. Mula ing jrone panliten iki kang dadi punjere yaiku pamawas jagading sastrawan kalawan gegayutane karo jejere minangka wakil utawa perangan saka bebrayan.

B. Metode Panaliten

Metode panliten miturut Arikunto (1996:150) yaiku piranti, tata-cara, lan teknik kang digunakake panliti kanggo nindakake panliten. Kanthi nggunakake metode panliten kang pener saengga panliten ora nyimpang saka tata-cara ilmiah, saengga dhata kang digawe bisa objektif, magepokan karo bab kasebut, kang diandharake ing perangan iki ngenani ancangan panliten, dhata lan sumber dhata, metode pustaka, tata-cara nyampekake dhata, saha carane nganalisis dhata.

2.1 Ancangan Panliten

Panliten ngenani novel *Carang-Carang Garing* anggitané Tiwiek S.A. mujudake panliten kualitatif. Ratna (2004:47) ngandharake yen panliten kualitatif menehi pangerten ngenani dhata alamiah, yaiku dhata kang gegayutan karo konteks panggonane. Sarehne panliten iki kanthi objek karya sastra, mula digoleki gegambaran karya sastra lan bebrayan kang ana gandheng rentenge karo prakara-prakara sosial sajrone bebrayan

2.2 Dhata lan Sumber Dhata

2.2.1 Dhata Panliten

Dhata ing kene awujud tembung, firasat, lan ukara-ukara ing sajrone novel CCG kang gegayutan karo underaning panliten, tujuwane panliten uga katrangan sejarah uripe sastrawan lan saka kasunyatan saiki. Laras karo andharan kuwi, panliten kanthi objek novel CCG anggitane Tiwiek S.A., dhata awujud tetembungan lan ukara kang gegayutan karo (1) Struktur intrinsik novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek S.A., (2) Makna jrone novel *Carang-Carang Garing* anggitane Tiwiek S.A., (3) mula bukane Tiwiek S.A. bisa ngripta novel *Carang-Carang Garing*.

2.2.2 Sumber Dhata

Sumber dhata ing panliten iki arupa novel CCG anggitane Tiwiek S.A. sadurunge dadi novel, CCG nate kapacak ing majalah *Jaya Baya* no 46-04 taun 1983 awujud cerbung lan didadekake novel ing taun 2009, novel iki nduweni 128 kaca lan 13 babag. Kajaba novel, sumber dhata liyane awujud asil wawancara, artikel lan sapinunggalane. Sumber penunjang ing panliten iki arupa panliten sadurunge lan buku literatur kanggo lelandhesan analisis.

2.3 Tata Cara Ngumpulake Dhata

Dhata digawe minangka bahan baku ing panliten. Panjupuke dhata saka sumber nduweni metode lan cara-cara tartamtu. Saben metode kang beda, tata cara ngumpulake dhata uga beda. Mula saka kuwi, ing panliten iki tata cara kang digawe kanggo ngumpulake dhata kaya ing ngisor iki.

Tata cara kang digunakake kanggo ngumpulake dhata miturut Endaswara (2003:162-163) diperang dadi 3 yaiku.

1. Nemtokake unit analisis

Saka kabeh dhata kang wis dikumpulake, diperang dadi loro yaiku perangan ciik karo luwih rinci kanggo nggampangake panliti anggone ngklasifikasekake dhata kang arep ditliti.

2. Nemtokake dhata

Yen karya sastra kuwi arupa novel mula luwih dhisik ditemtokake sapa sastrawane, taun terbit, jnenge penerbite, lan apa bae kang ana gegayutane karo novel kuwi.

3. Nyathet dhata

Ing panliten sastra mligine sastra tulis, dhata kang arep ditliti arupa dhata simbolik lan perlu anane cathetan-cathetan. Anggone nyathet dhata ana saperangan pituduh sing perlu digatekake, yaiku latihan lan persiapan kang mateng saengga bisa nyathet kanthi pener, nyathet bab kang ngemu pesen lan makna simbolik, lan nyathet tetembungan kang ora dimangerteni.

Adhedhasar tata cara kang diandharake ing dhuwur, carane ngumpulake dhata ana saperangan trap-trapan yaiku: kapisan, tuku utawa fotokopi novel CCG anggitane Tiwiek S.A. Kapindho, maca bola-bali novel mau saengga bisa mangerteni isine carita. Katelu, nengeri tetembungan kang dianggep kata kunci nganggo pensil.

2.4 Tata Cara Analisis Dhata

Tata cara nganalisis dhata yaiku yaiku cara kang digunakake kanggo nganalisis dhata, Arikunto (2002:233). Panliten iki nggunakake teknik analisis deskriptip. Metode deskriptip digunakake nalika analisis dhata. Bab kasebut ditengenake amerga metode iki digunakake kanggo ndeskripsikake kanthi cara objektif ngenani kahanan kang ana ing bebrayan ngenani kadadean kang dumadi sajroning novel CCG kasebut.

Ing ancangan panliten mau analisis kang digunakake yaiku analisis sing diandharake Ratna (2004:339-340). Analisis kasebut ditindakake kanthi cara nintingi prakara-prakara kang kinandut ana ing sajroning reriptan sastra kasebut. Sawise iku digayutake karo kasunyatan ing sajroning bebrayan. Mula saka iku, panliten iki anggone nganalisis ditindakake kanthi trap-trapan kaya ing ngisor iki:

- 1) Maca lan nyinaoni dhata kanthi tliti lan nengeri ukara utawa tetembungan kang wigati lan dianggep kata kunci.
- 2) Nengeri lan nyathet (identifikasi) peranan-peranan carita kang ngemu surasa wigati.
- 3) Nggawe klasifikasi adhedhasar tanda lan cathetan kang digawe salaras karo masalah panliten.
- 4) Nggawe analisis dhata kang wis diklasifikasekake, yaiku:

- a. Nintingi struktur intrinsik ing novel *Carang-Carang Garing* anggitané Tiwiek S.A.
- b. Nintingi makna jroné novel *Carang-Carang Garing* anggitané Tiwiek S.A.
- c. Nintingi kepriyé larah-larahe novel *Carang-Carang Garing* bisa diripta déning Tiwiek S.A.

C. Asilé Panliten

Salah sawijining prakara kang wigati tumrap panliten kanthi tintingan Strukturalisme Genetik yaiku kudu bisa mangerteni apa kang bisa dionceki nganggo tintingan kuwi mau. Strukturalisme Genetik ora bisauwal saka anané unsur intrinsik lan ekstrinsik.

Saka underan kapisan yaiku ngenani struktur intrinsik novel CCG, ing sajroning novel CCG ana tema mayor lan tema minor. Tema mayor mbahas ngenani lelakone Darmini lan Bambang, Darmini dadi wanita sing wis dicidrani déning Bambang jalaran satemene dheweke kuwi wanita sing ringkih ananging yèn atiné wis serik bisa nglakoni tumindak rajapati. Dene tema minor yaiku ngandharake kahanane wong cilik sing pengin mulya uripe kanthi cara gampang sing wusanane malah ndadekake kasurang-surang.

Unsur intrinsik kapindo yaiku ngenani paraga lan wewatakane. Ing jroning novel CCG paraga diperang dadi papat, antarane yaiku paraga protagonis, paraga antagonis, paraga sampung lan paraga tambahan. Kang kalebu paraga protagonis yaiku Darmini lan Heru, watake Darmini kuwi nriman, mentalan lan nekad, dene watake Heru kuwi sabar, nduweni pangapura kang gedhe, tresna marang kulawarga lan rakyaté. Paraga antagonis yaiku Suyatman lan Bambang, watake Suyatman kuwi kaku, mbrengkela, gampang nesu, dene watake Bambang kuwi sneng ngapusi lan ora nduweni tanggung Jawab. Paraga sampung sing mungkasi konflik kuwi Adriya 100 nging nduweni guna kanggo mungkasi prakara-

prakara kang kadadeyan ing novel. Dene paraga jejangkep yaiku Darminah lan Sumi, paraga jejangkep dianakake kanggo njangkepi crita lan anane paraga jejangkep merga ana paraga utama.

Alur sing digunakake yaiku alur campuran. Crita saka wiwitan banjur ing satengahing crita, crita mbalik nyritakake kadadeyan sing kepungkur, sawise dirasa cukup crita banjur diterusake nganti pungkasan. Konflik sajrone novel CCG diperang dadi loro yaiku konflik eksternal lan konflik internal. Konflik eksternal ngandharake ngenani larah-larahe nganthi tumekane patine Wawan. Dene konflik internal ngandharake konflik batin paraga Darmini.

Latar utawa setting ing jrone Novel CCG sing digawe dening sastrawan yaiku telu, Tulungagung, Surabaya, lan Malang. Latar utawa setting digawe manekawarna supaya pamaos ora bosen anggone maca lan supaya ora monoton anggone nyritakake kadadeyan-kadadeyan.

Maknakang kinandhut jrone novel CCG yaiku nebarake katresnan kudu ngati-ati, ing kene sing dibahas yaiku ngenani paraga Darmini sing ora ati-ati anggone nebarake katresnan kang wusanane diapusi dening Bambang. sabanjure yaiku dhendham kesumat kuwi mbebayani, Ing bab iki bakal diandharake ngenani dhendham kesumate Darmini marang Bambang. Darmini dhendham merga dheweke kuciwa marang Bambang sing wis mblenjani janjine yaiku saguh ngrabi Darmini, nganthi dhendhame kuwi ndadekake Darmini tage merjaya Bambang. maknakang ana gegayutane karo panguripane wong cilik kuwi melik nggendhong lali. Suyatman sing melik marang bandhane Heru nganthi lali marang paugeran-paugeran agama sing ndadekake dheweke nganthi merjaya Wawan. Makna sabanjure yaiku sapa sing salah bakal seleh, ing kene sing salah yaiku Suyatman lan Bambang, merga salahe Suyatman dikunjara lan Bambang nemahi pati.

Tiwiek S.A. ngripta novel CCG adhedhasar kayata ngenani sambung tresna mudha mudhi. Ing bebrayan babagan sambung tresna pancen wis lumrah, mula babagan kuwi dilebokake kanggo nambahi nges ing crita. Uga ngenani wong cilik kang urip rekasa, panguripane wong cilik ing jrone novel CCG diibaratake karo carang-carang garing sing ora migunani. Ing bebrayan nasibe wong cilik ya kaya mangkono, ora diajeni marang liyan. Uga ngenani wong sugih ora nduwe anak. Ing bebrayan akeh kadadeyan wong sugih sing ora nduwe anak, masiya dheweke sugih ananging omah-omahe durung jangkep merga ora nduweni anak. Kuwi kaya critane Heru lan Tutik. Babagan liyane yaiku mitos sing mbaureksa, ing jroning novel CCG mitos ngenani sing mbaureksa didadekake babagan kang mungkasi sakabehaning prakara. Bisa uga sastrawan nggawe mitos sing mbaureksa merga mitos ngenani sing mbaureksa pancen wis ana ing saben-saben dhaerah. Awit saka kuwi kanggo nggampangake pamaos ngerteni crita mangka pungkasaning crita dipungkasi nganggo mitos. Makna novel yaiku ngenani mula bukannya novel CCG ngenani tumindak candhala bakal cilaka, tumindak candhala bakal cilaka kuwi pepuntone wong Jawa. Tiwiek S.A. nglebokake babagan kuwi kanggo makna ing jrone novel.

D. Saran

Panaliten iki isih adoh saka kasampurnaan amarga mung diwatesi nliti ing unsure strukturalisme genetik sajrone novel Carang-Carang Garing. Mula sejatine isih akeh kang bisa diteliti utawa dianakake panliten liya, apa saka kajian sosiologi sastra, psikologi sastra utawa budaya, supaya bisa nuwuhake panliten-panliten liya ing babagan iki kang luwih sampurna lan bisa kanggo majokake ilmu sastra lan nambah khasanah kasustraan Indonesia utamane Jawa yaiku ngenani novel Jawa

E. Daftar Pustaka

- Aminuddin. 2004. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algensindo
- Arikunto, Suharsimi. 1996. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Cipta
- Damono, Sapardi Djoko. 1979. *Sosiologi Sastra: Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pengembangan dan Pembinaan Bahasa Depdikbud
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Jakarta: PT Buku Kita
- Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo
- Endraswara, Suwardi. 2010. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala.
- Faruk. 2003. *Pengantar Sosiologi Sastra dari Strukturalisme Genetik Sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta: Pustaka Jaya Offset
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kasusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Koentjaraningrat. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Balai Pustaka
- Koentjaraningrat. 1996. *Pengantar Antropologi 1*. Jakarta: Balai Pustaka
- Koentjaraningrat. 2000. *Kebudayaan Mentalitas dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama
- Najid, Moh. 2002. *Apresiasi Prosa Fiksi dan Drama*. Surabaya: Taman Nadiyah Azzala
- Najid, Moh. 2002. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press bekerja sama dengan Kreasi Media Promo
- Nurgyantoro, Burhan. 1998. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press
- Pradopo, dkk. 2002. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Hanindita

PASARUJUKAN

Panliten dening : Aris Triyanto

NRM : 082114207

Irah-irahan : “Novel Carang-Carang Garing Anggitane Tiwiek S.A. Kawawas
Saka Teori Strukturalisme Genetik”

Dosen Pembimbing,

Drs. Sugeng Wiyadi,

NIP 196412081994031002
